ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№50 (21.458) ● 2009 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и яп эзIущIэм и IуэхущIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 97 статьям и Iыхь 2-м ипкъ иткIэ, **унафэ сшI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и яп эзIущIэр 2009 гъэм гъатхэпэм и 19-м сыхьэти 10-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унэм щызэхуэгъэсын.

2. Мы Указым кIыру егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм гъатхэпэм и 16-м
№31-УП

● Политикэ партхэм: «Зыуэ щыт Урысей»

Дзыхьыр дгъэпэжу

Гъатхэпэм и 1-м КъБР-м и хабзэгъэув орган нэхъыщIхьэм и депутатхэр хэхыным зэрыкъуагъэхьазыр Iуэхуэхэр зэфIэкIащ.

МЫ ХЭХЫНЫГЪЭХЭМ кIаГъэлъэгъуащ республикэм и хэхакIуэхэм я процент 72,29-м «Зыуэ щыт Урысей» партымкIэ арэзыуэ Iэ зэрэIэтар. Абы Iэмал кIариащ а партым и фракцэ кIыззэригъэпэщыну.

Апхуэдэу кIыззэрыткIуэуварт щыхьэт тохьуэ цIыхухэм дзыхь кIыззэрытхуащIым, Урысей Федерацэм и Президентым, Правительствэм, «Зыуэ щыт Урысей» партым экономикэ кризисыр кIыззэнэкIыным, къэралымрэ щIыналъэхэмрэ зэпIэзэрыту заужьыным хуэунэтIауэ ялэжьхэм зэрителъхьэм.

Мыхэр щытащ экономикэ щытыкIэр гуГъу щыхъуэ пIэхъэнэм екIуэкIа ялэ щIыналъэ хэхыгъэхэху. Абы дагежкIэ нэхъри нэхъ лъапIэ ещI республикэм и цIыхухэм я нэхъыбэм ди партым кърагъэза дзыхьыр. «Зыуэ щыт Урысей» партым и ЩIыналъэ кIудамэм и цIэкIэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуэищ хэхыпIэ участкэм къалэуэ республикэм зэпымыуэ зиужьыным хуэунэтIауэ зэрыпэжыжьыну.

Зэрыдгъэпэжыр къэзыгъэльэгъуа псоми. Фыкъызогъэгупэ фэ къыпхуэфщIа дзыхьыр хабзэгъэув жэрдэм щхьэпэжэм хуэдизкIэкIэну, властым и адрей кIудамэхэм я гъусэу ди зэхуэдэ екъулIэныгъэхэм дыщIэбэныныкIэ щIэгъэкъуэн тщIыну.

Щыналъэ политикэ советым и секретарь ЖЭРЫКЪУЭ Б.Хь.

● Къэрал Думэм

Захуагъэм гъуэгу егъуэтыж

УФ-м и Къэрал Думэм зэфIигъэувжащ монетизацэм и зэманым якъутэжауэ щыта хабзэр. Абы мэрем кIуам ещанэ еджэгуфIэкIэ кьищтащ Чернобыль къыщыхъуа насыпыншагъэм фэбжь хэзыхахэм мыгъкум щхьэщатIкI налогымкIэ яIа льготэхэр зэфIэзыгъэувэж хабзэ.

- ЗАКОНЫМ зэфIегъэувэж Чернобыль АЭС-м, «Маяк» Iуэхущ1апIэм къыщыхъуа насыпыншагъэхэм, апхуэдэу Течэ псыежэхым радиацэ зыхэлъ кIэрыхуфIкIэрыхуэхэр зэрыхакIутым я Iуэхуэу зи узыншагъэм зэран екIахэм иратауэ щыта льготэхэр.` Ахэр якъутэжауэ щытащ 2004 гъэм.

- «Физическэ лицохэм я мылькум тратъхьэ налогхэм я Iуэхуэкъ» хабзэр зэрагъэзэхуэжащ, - жиIащ Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщI Васильев Юрий. - Федеральнэ законым къаугъуэт ар къытрадза нужь зы мазэ нэхъ дэмыкIыу, икIи абы и къарур пъэIэсыныщ 2006 гъэм щIышылэм и 1-м и ужькIэ къыкIуэкIа хабзэ зэхущытыкIэхэм.

Депутатым къыкIуэцIыхэхуэкIащ экономикэ кризисым и зэманым комитетыр цIыхухэм я псоурэ щыгъэпсынщIэным, къащхьэщыкыным теухуа хабзэхэм я проектхэм зэрелэжьыр.

- Абы кьыдэкIуэу «Зыуэ щыт Урысей» и фракцэм и депутатхэм къыхэтыгъэ, - пищащI Васильев Юрий, - инфляцэм зэрыхэхъуэ псынщIагъым сыт хуэдэ Iуэхуэри тещIыхьын хуеиуэ. Гулыпитэ нэхъыбэу зыхуэщIыпхьэри бын куэд щапI унагъуэхэм, ныкIуэдыкъуэхэм, нэхъ хуэмыщIа гупхэм щыщ нэгъуэщI цIыхухэм налогыр ящIыгъэпсынщIэнущ.

Дэ дыхуэщIэкъунущ зи хэхъуэхэр упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуеинум нэмысхэм подходнэ налогыр ящIыхьщедгъэхьным, - жиIащ абы.

Цыхухэм защIэгъэкъуэным хуэгъэза нэгъуэщI проектхэм ящыщу Васильев Юрий къыдыгъащ нэхъ хуэмыщIа унагъуэхэм я бынхэм еджэным трагъэкIуадэ ахъшэр хуатыным теухуа хабзэри. Зи гугъу тщIыр унагъуэм щыщ нэхъыщIэхэр егъэджэным ахъшэ тезыгъэкIуадэ кьуэш, шыпхъу нэхъыжьхэм хуагъэув льготэхэрщ.

- Экономикэ кризисым и зэманым мыхьэнэ ин дыдэ иIэщ цIыхухэм инвестицIэхэр гъэжьыгъэм хатъхьэныжьмкIэ яхэлъ жьыджэрагъыр къэйтэныным, ахэр а Iуэхум налогхэмкIэ тегъэгушхуэным. IэщIагъэлIхэм кьыздэкIыжьмкIэ, урысей цIыхухэм ахъшэ гъэтIылъыгъэхэу яIэр сом триллиони 5-м, США-м и доллар мелард 923-м щIегъу. АрщхьэкIэ а гъэтIылъыгъэхэм я нэхъыбэр экономикэм зегъэужьыным хуэлажьэркъым. Абы кьыхэкIыу кьыдолтыгъэ фонд рынокым хэт цIыхухэм я хэхуэхэм налогхэр щхьэщыхьныр зыуфэныху закон икIэщIыпIэкIэ къащтэн хуеиуэ. Мы Iуэхуэр щIэтIэкъуэн хуэхъунущ цIыхухэм я ахъшэ гъэтIылъыгъэхэр къэралым и экономикэм хуэгъэлэжьным, - къыхигъэщхьэхуэкIащ Васильев Юрий.

ТРЕСКОВ Василий.

● Дзэлыкъуэ куей

Гъатхэм хуэхьэзыру

Дзэлыкъуэ куейм и мэкъумэщ Iуэхущ1апIэхэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэм зыхуагъэхьэзыр. Мы махуэхэм район администрацэм и унафэкIэ кьыззрагъэпэщащ мэкъумэщ техникэм и щытыкIэр зыхуэдэр къэзыщыгъну гуп. Абы хэтынущ ГИБДД-м и лэжьакIуэхэри. Мы Iуэхуэм теухуауэ ирагъэкIуэкIа пэублэ зэIущIэм кърихьэлIащ бэджэндырылажьэхэр, Iэщ1агъэлIхэр, «Юг-Госстрах», «Ставходинг» дизайнг компаниехэм я лIыкIуэхэр.

ДЗЭЛЫКЪУЭ куейм мэкъумэщ хозяйствэмрэ щIыр тэмэму къэгъэсэбэпыныжьмкIэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщI Тэтэркъан ЛатIиф щыгъуазэ дыдэрищIамкIэ, гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм екъэлIа зэIущIэхэр Псынэдахэ, Малкэ, Къарачаевскэ, Черкесскэ, Къарачаевскэ, Тебердэ, Учкулан, Карачаевскэ, Мэлк

«Ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэ зиІэ унагъуэхэм ящыщу псэупІэ къратын папщІэ 2005 гъэм щІыщылъэм и 1-м нэсыкъ зезыгъэтхахэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэрыят щІыкІэмрэ а дэІэпыкъуныгъэ зыхуэдэмрэ я Іуэхугъэ»- Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным техуауэ»- Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым хэгъэзэауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. «Ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэ зиІэ унагъуэхэм ящыщу псэупІэ къратын папщІэ 2005 гъэм щІыщылъэм и 1-м нэсыкъ зезыгъэтхахэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэрыят щІыкІэмрэ а дэІэпыкъуныгъэ зыхуэдэмрэ я Іуэхугъэ»- Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»- Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и деж гъэхьын, Іэ щІидзын икІи щІыхъэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщата махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2009 гъэм мазаем и 23-м
№1650-ІІ-П

«Ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэ зиІэ унагъуэхэм ящыщу псэупІэ къратын папщІэ 2005 гъэм щІыщылъэм и 1-м нэсыкъ зезыгъэтхахэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэрыят щІыкІэмрэ а дэІэпыкъуныгъэ зыхуэдэмрэ я Іуэхугъэ»- Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым кІыщтащ 2009 гъэм мазаем и 5-м

«Ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэ зиІэ унагъуэхэм ящыщу псэупІэ къратын папщІэ 2005 гъэм щІыщылъэм и 1-м нэсыкъ зезыгъэтхахэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэрыят щІыкІэмрэ а дэІэпыкъуныгъэ зыхуэдэмрэ я Іуэхугъэ»- Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэ:

1. 1 статьям къару имыІэжу къэлытын.

2. 2 статьям хэт «мы Законым и 1 статьям къыщыкъэлъэгъуаехэм» псалъэхэр хэгъэкІын.

3. 3 статьям:

1) Іыхьэ 3-м:

а) пункт 1-р мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«1) ищхъэкІэ къыщыгъэлъэгъуа социальнэ дэІэпыкъуныгъэхэр зыхуэфащэ щІыхъэм я бжыгъэм;»;

б) пункт 2-м хэт «псори зэхэту псэупІэу метр зэбгъуэнатІэ 18» псалъэхэр зэхъуэжІын «псори зэхэту псэупІэу федеральнэ законодательствэм къыщыгъэлъэгъуэм хуэдиз» жиІэу;

2) пункт 2-мрэ Іыхьэ 5-м и еплІанэ абзацымрэ къару ямыІэжу къэлытын;

3) Іыхьэ 6-м къару имыІэжу къэлытын.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мазаем и 23-м
№15-РЗ

Налшык къалэ администрацэм щызэхэтащ къалэ округым щІыр къызэрыщагъэсэбэпыну, хуэхъунэ зэрыщрагъэжІыкІыну хабзэхэм я проектым теухуа зэІущІэ.

АРХИТЕКТОРХЭМ кІыхьэрыхагъэщамкІэ, ухуэныгъэхэр щІагъэхэзбжьэнущ, нэхъ зэкІэлъыгъэкІыауи ирагъэкІуэкІыщу.

- 131-нэ Федерал законым ия УФ-м и Къалэуэхэр кодексымрэ ялкъ иткІэ зытепсэлъыхь хабзэхэр щыналъэ, муниципальнэ, щІыпІэ нормативно-правовой актхэщ. Налшык къалэм ухуэныгъэм зыщегъэуэжьыным, и щэнхабзэ фІыгъэ къэзыгъэлъагъуэ зыхъуэреихь дунеймрэ зыхъуэмэным, щІыуэпсыр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным я унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр абыхэм тету яубзыху», - къыгъэлъэгъуащ Налшык къалэм и сымаджэм дыкъэзыхъуреихь дунеймрэ хъуэмэным, щІыуэпсыр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным я унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр абыхэм тету яубзыху», - къыгъэлъэгъуащ Налшык къалэм и сымаджэм дыкъэзыхъуреихь дунеймрэ хъуэмэным, щІыуэпсыр зэгъэзэхуауэ абыхэм тету яубзыху», - жиІащ Нэгъуей Арсен.

Проектыр къыхилъхьащ

Къалащхьэм и теплъэм теухуауэ

● ЗэІущІэхэр

администрацэм архитектурэрэ къалэ ухуэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Нэгъуей Арсен**.

Зи гугъу тщІы хабзэхэмкІэ налшыкдэсхэми, ухуэныгъэ езыгъэкІуэкІхэми, къалэ адміністрацэми я хуитныгъэхэр яхуэхъумэнущ. Хабзэхэр я къалэуэхэ тхылъщ. Республикэм и щІыпІэм щхьэгъэбыдыпІа щІыпІэр щхьэхуэ-щхьэхуэу абыкІэ ягуэшынущ икІи дэтхэнэми езым и регламент хуагъэувынущ. НэгъуэщІ жьпІэмэ, мы хабзэхэм щагъэбелджьылнущ щІэнрэ дэж сыт щыбууэ хъунуми мыхъунуми», - жиІащ Нэгъуей Арсен.

Абы къыхэзригъэлъэгъуамкІэ, проектыр зэхэзылъхьахэм хабзэр щаубзыкъ Іуэхур зытращІыхьар къалэм и нэгъэрей планэ нэхъыщхьэрщ. Ауэ, къалэм игъэтынчу зыужьынытыгэр къалытауэ, мыгувэу нэгъуэщІ ягъэхъэзырынущ.

Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэм и Іэтащхьэ **Хъэгъэс Залымджэрий** кІыхьэрыхигъэщамкІэ, хабзэхэр егугъуу къапщытэн, кІэлыплпЛкІуэ органкэм я чэнджэщхэр къалытэн хуейщ.

«Республикэм и щІыхэрым и генеральнэ планыщІэ гъэхьэзырыным мыхьэнэзыхуэ иІэщ. Ди гуапэ зэрыхэунщи, къалэм и теплъэу щытынур щыдубзыхум нэхъапэм щыуагъэ инхэр тІэщІэкІакъым. Иджы абы и архитектурэ, къалэуэхуэ тхылъ нэхъыщхьэр щагъэхьэзыркІэ, а Іуэхум фызэрыхуэсакъынур си фІэщ щхьэхуэ», - къигъэлъэгъащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Кхъуэлуфэ Иринэ**.

ЗэІущІэм жьыджэру хэтащ къалэм щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым и депутатхэр, мэрием щыщхэр, предприятэ зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэр, къуажэ округхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, архитекторхэр, художникхэр. Зэхуэсахэм къалэ Советым чэнджэщ ираташ, ящІа дагъэхэмрэ халъхьа дэщІыгъуэжныгъэхэмрэ къалъытэу, зыхэпльа проектыр къащтэну.

Хабзэхэр Налшык къалэм щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым и овсесием кІыщыхалъхьэнущ.

КУБАДИЕВЭ Нуржан.

● Аруан куей

Сэхуран дагъэм къыщІоупщІэ

Ерыскъыхэкіхэм елэжь «ЗЭТ» концерным къыщІигъэкІ сэхуран дагъэр дишІыкІэ ирагъэшэнущ Таджикистаным.

Куржым, Къэзахъстаным, Тыркуэмэным, Прибалтикэм.

«ЗЭТ»-м и дагъэм апхуэдэ щІэупщІэ иІэнэр къызыхэкІар ерыскъыхэкІхэм я дунейпсо гъэльэгъуэныгъэу Москва щекІуэкІам ар нэхъыфІхэм зэрыщыхабжаращ. Заводым щыІнатІэ хуэдэм ядэлэжьэну ярищІыкІа зэгурыІуэныгъэр игъэзэщІэн щхьэкІэ, сэхуран дагъэр нэхъыбэу къыщІигъэкІын хуейщ. «ЗЭТ»-м и унафэщІхэм къэзэрыльтэмкІэ, дунейпсо утыкум зэрихьар я фІыщІэщ Іуэхуитапіэм ильэс куэд пьандзэрэ щылажьэ Іэщіагъэлэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

И лэжьыгъэрщ зыІэтар

Къэрэгъэш адыгэ жылэжьым щыху Іумахуэ, зи къуажэгъуэхэр зэрыгушхуэ хъун куэд къыдэкІащ. Абыхэм ящыщщ мы махуэхэм зи ныбжьыр ильэс 80 ирикъу Емышэ Хьэлий.

АР ПАСЭУ гугъуехьым ипсыхьа, куэд зи нэгу щІэкІа цыхьщ. ЩІалэ дыдэу, ильэс 14-м иту, Хьэлий губгъуэм щыпсэжьэн щІидзащ. Зауэм кІуа балигъхэм я пІэм нуват ныбжьыщІэхэмрэ цыхуэбзэхэмрэ. Зэманыр хьэлъэт. Колхозым техникэ щІагъуэ иІэжтэкъым. Губгъуэ лэжьыгъэхэр нэхъыбэу Іэпщэ къарукІэ эффІагъэкІырт, выр зэкмкІэ вэхэрт. Кьуажэм къыдэна механизатор закъуэтІакъуэм нэмыцхэм эзтракъута техникэр хуэм-хуэмурэ зэрагъэпэщыж. Тракторыжьхэ гуэрым тетІысхьам и дэІэпыкъуэгъуу макІуэ Хьэлий. ЩІалэщІэ гурыуэм «мурыщыыш» и зэхъ-лыкІэр псынщІэу зрегъащІэ, ар кърихуэкІы- фи мэхъу. Апхуэдэу абы зригъэгъуэтащ механизатор ІэщІагъэр. Ильэс 15-м иту тракторист хьуа ныбжьыщІэр куэд дэмыкІыу пашэхэм хабжэ.

Емышэ Хьэлий и зэффэкІыр нэхъри наІуэ къыщыхуаР 1959 гъэм колхоз унафэщІхэр эрахъуэкІа нэужькІ. Колхоз тхьэмадэу Іэбубэчыр Нажмудин хахат. Ар щІэныгъэфІзиІэ, лэжьэкІэщІэм занщІэу зезыта унафэщІт. Колхозым къыщыІэрагъэпэщ механизированнэ звеноэр. Абыхэм ящыщ зым Емышэр и пашэ мэхъу.

Къэрэгъэшым щыІэ ныІэщхьэкІэ, бгыхэм нэхъ пэгъунэгъу жылагъуэхэм елытауэ, мыбы псыІагъэу къыщыхэр нэхъ мащІэщ. Абы къыхэкІыу, псыщІэгъэпъадэм егугъун хуейт. Апхуэдэуи щІыр тэмэму щІэпщІэрымки мыхьэнэщхуэ иІэт.

Техникэр зрата, щІыхэр зрагъэбыдыІла звенохэм кІэщІу лэжьыгъэм зрат, псы щІэтъэльэдэным, щІыгъэпшэрэхэр къэтъэсэбэпыным ярэхьэ йохьэ. А псоми ехьэлІэныгъэхэр къадэкІыуэ хуожьэ. Гъэ къэгъавэу нэхъыбэ кърахьэлІэрт, Іэщым хьеру къыпахми хэхъуэрт. Мэкъумэшым елэжьхэм псынщІэу къаухъажаныкІэ Емышэ Хьэлий зи пашэ гупыр.

Гуръхуэт Емышэм и лэжьэкІэр плъагъуну. Ар жэщми махуэми губгъуэм итт, хьэсэхэм хэтт, и гъэнэщдж лъапитІыр гъэпщІэжьэ. Абы и хьэсэхэм уеплъыну нэхъ гухэхъуэжт: нартыху тхьэмпэхэм фІыщІафэ мащІэ щІэлъэдарэ лъагэу, нэхъыбэм Іэдий хуэдизу кІэчан тІурытІ-щырыщ дэту апхуэдэт. А гугъуехьыр гулыытэншэ хъуакъым. 1966 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкі Емышэ Хьэлий «Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь» цІэ льапІэр къыфІащат.

Къэрэгъэш адыгэ жылэжьым нэгъуэщІ зы Лыхъужьи къыдэкІащ. Ар Емышэ Хьэлий и гъэсэн, и бригадэм хэт звено унафэщІ пашэ Кхъуэтепыхьэ Мухьэмэд. Гъавэ бэв къэгъэкІынымкІэ республикэм цІэрыІуэ щыхъуа щІалэм 1973 гъэм «Комсомольская правда» газетымкІэ ди къэралышхуэм ис щІалэгъуалэм захуигъэзат щІым фейдэ пылъу епэжьыну, гъавэ бэв кьыграхыну, къыхуриджэу. Езыри абы тету лажьэурэ, и егъэжакІуэм, и гъэсакІуэм текІуэжат. Абы зы гектарым хуэзэу кьытрихат гуэдзу центнер 43-рэ нартыхуу 87-рэ, псы здэкІуэ хьэсэхэм - центнери 119-рэ, къэралым иратат гъавэу центнер мин 20-м нэс.

Хьэлий и нэгъуэщІ фІыщІэ куэди дэлъщ жылэм. Кьуажэ Советым и гъэсакІуэ щІэкІуэкІ жылагъуэ Іуэхугъуэхэм жьыджэру хэтщ, и бынхэм, абыхэм я быныжхэм жьыщхьэ махуэу яхэсщ.

УЭРЫШ Нурхьэлий.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр тхыным и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2009 гъэм гъатхэпэм и 13-м Налшык къалэ №50/12-1

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр 2009 гъэм гъатхэпэм и 2-м зэрыхахам кІрикІуахэм теухуауэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Протоколыр, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балкъэр щІыналъэ къудамэм и ІкІэхэм я гъэлъэгъуэгъуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я мандат хуит къэхъуахэр етыным и Іуэхугъэр 2009 гъэм гъатхэпэм и 12-м Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм кІыщта Унафэ №49/11-1-р я лъабжьэу, «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Іуэхугъэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон 2008 гъэм щыщхьІым и 5-м къыдэкІа №50-РЗ-м и 68-нэ статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр тхын цыху 72-рэ хьуу (*спискэр щыгъуэщ*).

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсыгъуэм и депутат ятхахэм зэрыхахар къэзыгъэльагъуэ тхытхэр етын.

3. Мы Унафэр щыхуэм хьыбар зэрырагъащІэ ІэнатІэхэм кІыщытедзэн икІи Интернетым и сайтым Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и сайтымкІэ ильхьэн.

ХэхакІуэ комиссэм и Унафэщі ТУПИКИНА.Н.
ХэхакІуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ.И.А.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм 2009 гъэм гъатхэпэм и 13-м кІыщта Унафэ №50/12-1-м и гуэдзэм

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ зэхуэсыгъуэм и депутату ятхахэр

«Урысейм и Либерал-демократикъ партиі» политикэ партым и Къэбэрдей-Балкъэр щІыналъэ къудамэ

1. Гриневич Валерий Владиславович и къуэр
2. Щауэ Юрий Іэхьед и къуэр
3. Гемуев Калет Юсуф и къуэр
4. Войтов Алексей Иван и къуэр
5. Къэрэгъуэ Бесльэн Хьэрэбіл и къуэр

«Урысей Федерацэм и Коммунист партиі» политикэ партым и Къэбэрдей-Балкъэр республикэ къудамэ

6. Щыхъэлы Зэирэт Мэхьэд и ихъуэр
7. Кульбаев Чомай Биберт и къуэр
8. Банщиков Александр Василий и къуэр
9. Шабаев Ильяс Пагуэ и къуэр
10. Къумал Заурбэч Мухьэмэд и къуэр
11. Чэлимэт Хьэбас Тальостэн и къуэр

«Зыуэ щыт Урысей» Урыгъуэ политикэ партым и Къэбэрдей-Балкъэр щІыналъэ къудамэ

12. Бечелов Ильяс Борис и къуэр
13. Жэрыкъуэ Борис Хьэжмурат и къуэр
14. Къэжэр Альберт Хьэту и къуэр
15. Геккиев Заур Далхат и къуэр
16. Смирнов Татьанэ Иван и ихъуэр
17. Мэремыкъуэ Арсен Іэмэн и къуэр
18. Бердюжэ Владимир Иван и къуэр
19. Іэпщэ Заур Борис и къуэр
20. Берд Хьэрэзэталий Александр и къуэр
21. Бабаев Хьусей Хьэмид и къуэр
22. Бутерус Рольф Эдвин и къуэр
23. Мэремыкъуэ Сэфарбий Хьэбас и къуэр
24. Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэр
25. Къудалы Мухьэмэд Хьэмэзт и къуэр
26. Чеченов Ануар Ахьмэт и къуэр
27. Жаным Руслан Мухьэмэд и къуэр
28. Бэшэр Хьэмид ТІохьид и къуэр
29. Мокаев Руслан Далхат и къуэр
30. Евтушенкэ Сергей Виктор и къуэр
31. КІуэкІуэ Къаблэч Валерий и къуэр
32. КъуэщІысокъуэ Юрий Къадир и къуэр
33. Василенкэ Александр Алексей и къуэр
34. Урысбий Хьэмидбий Хьэжмурид и къуэр
35. Шумахуэ Арсен Владимир и къуэр
36. Иуан ФатІимэ Залымджэрий и ихъуэр
37. Жанатаев Сэлим Алий и къуэр
38. Говоров Сергей Анатолий и къуэр
39. ЛыхъуІу Хьэжмурид Хьэсэнбий и къуэр
40. Ерчэн Жамболэт Хьусен и къуэр
41. Бакъ Руслан Барэсбий и къуэр
42. Хъущт Аслъэнбэч Виталий и къуэр
43. Рахаев Анатолий Измаил и къуэр
44. Хъащхъуэжь Татьянэ Борис и ихъуэр
45. Бэджыдэ Анзор Михаил и къуэр
46. Бесльэней Аслъэн Зулымбий и къуэр
47. Марьяш Ириней Евгений и ихъуэр
48. Гелястанов Ахьмэт Жунус и къуэр
49. АфэщІыж Юрий Сэфарбий и къуэр
50. Быф Заур Жэмал и къуэр
51. Москаленкэ Владимир Анатолий и къуэр
52. Неустуев Виктор Георгий и къуэр
53. Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр
54. ХьэІупщы Заурбэч Хьусен и къуэр
55. Саенкэ Татьянэ Виктор и ихъуэр
56. Дэш Хьэсэн Аулэд и къуэр
57. ЛІэужь Адэлбий Билол и къуэр
58. Макхаев Махъэтэ Хьэсэн и къуэр
59. Ахьэхъу Къащтэбий Мухьэмэд и къуэр
60. Сокъур Олег Хьэчим и къуэр
61. Кармалкэ Павел Дмитрий и къуэр
62. Куэшей Адэмэт Жабрэіил и къуэр
63. Темукуев Абдул-Хьэким Сэлихь и къуэр

«Зауэгъэз зэщыІэ Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ГъащІэ» политикэ партым и Къэбэрдей-Балкъэр щІыналъэ къудамэ

64. Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэр
65. Логвиненко Игорь Анатолий и къуэр
66. Сумаев Ахьмэт Хьэрун и къуэр
67. Азыч Светланэ Хьэдиан и ихъуэр
68. Сидорук Павел Федор и къуэр
69. Токъу Руслан Мухьэрбий и къуэр
70. Додуев Аскэр Таукъан и къуэр
71. Дадэ МуІэд Алий и къуэр
72. Тату Арсен Іэзид и къуэр

Адыгей, Къэбэрдей-Балкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэм адыгэбзэкІэ къыщыдэкІ газетхэм я номер зэхэтхэр лъэпкъыр зыгъэпсыпІейтей, зэрыгушхуэ, зыщыгуфІыкІ Іуэху куэдым трауухуэ. Политикэм, экономикэм, щэнхабэм, къуэджэм, нэгъуэщІ ІэнатІэхэм къыщыхъжаныкІаэм, къэрал куэдым щІэрыІуэ щыхъуахэм я Іуэхущафэхэм, хэхэ адыгэхэм я псэукІэм, льэпкъым къехъулІа нэгъуэщІ куэдми тетхыхьащ ди журналистхэр.

Апхуэдэ кьыдэкІыгъуэхэм щытепсэлъыхьыж зэІущІэхэм, хабзэ хьуауэ, кьрохьэлІэ льэпкъым зиузэщІыным хуэлажь хъщІэхэри.

Сурэтым: **«Адыгэ макъ», «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку» газетхэм я зи чэзу номер зэхэтым щытепсэлъыхьа зэІущІэм хэтахэр ГъэкІэ Замудин и «кІыщым» щыІэу.**

2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м.

Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

Тэгъулан Екъуб Къайсэр (Тырку) къретхыкI

Яшар Кемал

Саугъэт

Яшар Кемал шэрджэсхэм фIыщIэ яхуещI

Тыркум щыIэ Кавказ адыгэ сайтхэм ящыщ зым и къызэгъэпэщакIуэхэм ди пэщэкIэгъэхэм хуэгъэзауэ Iуэку щыхьэпэ зыфIэзыхьэм пIалъэ жьэ гъэрыкI ират. Апхуэдэ щIыхуэхэр сайтым и щIэджыкIакIуэхэм Iэ Iэтхэ кьыхах.

ИДЖЫЛАГЪЭ 2008 гъэм и саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэм ираты́жащ. Ты́гъ лъапIэр ирагащ прозаик щIэрыIуэ Яшар Кемал. Илъэс 85 зи ныбжь тхакIуэ щэджащэр, Тыркум и мызакъуэу, дуней псом къыщацIыхуэ, абы и тхыльхэр бз кудкIэ зэрадзэкIащ. Мызэ-мытIэу ар литературэмкIэ екIуэкI дунеипсо зэпеуэхэм я лауреат хуащ.

Яшар Кемал и кьалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэм я нэкьыбзм и лIыхъужь нэхьыщхьэр адыгэзэрщ, лъэпкым фIагъыу бгъэдэть псори абыхэм къыщцегъэтыгъуэ.

ТхакIуэр зэрысымаджэм къыхэкIыу, саугъэтыр щатыжым кIуэфакьым, сайтым и къызэгъэпэщакIуэхэм ар и унэм къыхуахьыжащ. Абы щыгъуэм гумащIэ къэхъуа тхакIуэм жиIащ:

- Сэ си сабингъуэр адыгэхэм я гъусэу згъэзIуащ, ахэр фIыуэ соцIыху, пщIэшхуэ яхуэощI я хабзэхэр сигу ирохь. Жьпынэрамэ, хьэщIэ зэрыгарэблагъэ щыкIэр дэ адыгэжэм дежщ щызэдгъэщIар. Мы кьыхъэвварэфэщаз саугъэтым сэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Пэжым хуэфIмэ, адыгэхэм я щытхъу псалъэ, фIыщIэ я куэдрэ сыпэзгъащ, ар нобэ сэ зэхэс хащ, гукIи псэкIи зыхэсщIащи, фи фIэщ фщIы, дунейм ехьжа си адэр къэтэджыжу тыгъэ лъапIэ гуэркIэ кьыхсхуэпсам хуэдэу кьыщцыхуамэ кьыхсхуэфщIа гуПыкIэтэр. Тхьэм фигъэнсэу!».

ХьэпащIей къуажэм Гъулэкlэ е джэу зы лIыжь гуэр дэсащ. Ар езыр Кьунашей къикIат. Ди жылэм щыщ фызабэ гуэр хьыхьэжри, бынунагъуи щыхьужауэ кIуажэм дэст. Щыщ лэныстэ жанхэр нIу, мэл кьэщыным икьукIэ хуэгъэкIуэльакIуэу апхуэдэт ар.

Мэл кьэщыгъуэ зэманыр кьэсамэ, ди пщIантIэм дэт мывэупIэжьым деж и щыщ лэныстэхэр щигъэжант. Мэл кьыщыщым деж, чэтым зы кумб кьыщытIынт, и лъакъ уэхэр мыундэрэбжьэн папщIэ абы иригъэлэлэхынти, еш имыIэу мазэ псом лажьэнт.

Мэл кьэщыным и мызакъуэу, Гъулэ таурыхъ жыIэнмэ хуэлэжьэ т. Ауэ «таурыхъ ныбз»-кIэ зэджэхэм хуэдэм, тынщу кьыбжиIэнутэкьым.

Зы махуэ гуэрым мэл кьыщу ди чэтым щIэту ди Iэхури кьыщIыпэсыпщIэнт жьитIэри, таурыхъ кьыджиIэну делъэIуащ. «Хьунщ-тIэ, щIалэхэ», - кьыпыгуфIыкIри, и пщIэнтIэпсыр и Iэгъуаншэкlэ ирильэщкlри, кьыригъажащ.

Къуажэ гуэрым Зорым и къуэ Дзэгукlэ еджэу зыIуд дэст Ар куэдрэ зекIуэ екъэрт, зэпымыуи ыш табын кьихуурэ кьэкIуэжьрт нкIи ахэр псори и кьуаж згъуэжм яхуиг гъэшIрт. Апхуэдэу екIуэкIыуэрэ хьэпащIейдэсхэм яг кьэкIащ щIалэ щхьэпэр унагъуэу ягъэтIысжьыну. Зэгу эрым. Зорым и кIуэ Дзэгу зекIуэ кьикIыжауэ, нэхъыбжэхэр кьыззэхуэсри Iэхум щагъэгъэзащ.

- Уэ, Зорым и къуэ, иджы нэхъ щIалэ уихьужьнукъым, дяпэкIэ унагъуэу утIысжьын хуейц. Мис мыпхуэдэ хьыджэбз кьыпхуэдгъэтащи, абыкIэ уарэзэлымэ, Iэхэм иужь дихьэнщ, - щыжраIэм, зыри кьапидзыжакъым.

Аратри, Зорым и кIуэ Дзэгумрэ кьыхуагъуэта пщащэмэ я нэхъыс хтащ.

Абы иужь куэд дэмыкIыу, кьуажэм зы лIыжь гуэр кьыдыхьэри Зорым и кIуэ Дзэгум щIэупщащ. Жьылэм зэрыдэмысыр щыжраIэм, дэжьжащ. ЛIыжьым и щIэр Щэрэлыкъуэт. Апхуэдэу щIэнерэ кьыззэкIэльыкIуаеу зыIулъхьуэр щимыгъуэтым, Щэрэлыкъуэ бзаджагъэ хуеиIэну мурад ещI. Махуэ гуэрым ар кьуажэм дыхьри, апэу зыхуэзэ щIалэ щIыкIым зыхуигъэзащ:

- Уа шынэхьышIэ, Зорым и кIуэм зи нэчыхь хуатха хьыджэбзым и унэр сыгIыхьатIумэ, си фокIэщIыр уэстынщ, - жиIэри.

ЩIалэ щIыкIыр, фочым дихьэхри, лIыжьым унэр иригъэлъэгъащ.

Зэрыхуэиххуу бзыльхуэгъэр щIантIэм дэту ирихьэлIри, Щэрэлыкъуэ ар ирихьжьащ, зыри лъэщIэмыхьэуи яфIихьащ.

ХьэпащIейдэсхэм кьэхъуар хуабжьу гущIыхьэ ящIихьащ. «Апхуэдэ щIэщхьу кьытущIауэ сыт напIэкIэ Зорым и кIуэм дыIупльэжыну», - гузаварэт псори. Куэд дэмыкIыу Зорым и кIуэрри кьекIуэлIэжащ. Кьихуа щыхэр кьуажэдэсхэм яхуигуэшри, хьэщIэщым кьыщежьэ нэхъыжьхэм яхьыхащ. И щхьэ кьрикIуахэр яхуиIуэтэжьыну щаехпIъэм, гупыр нэщхьеIу зэхэст.

- Уа, ди нэхъыжьыфIэ, сыт хуэдэ Iэху мыпхуэдизу фыхъэзыгъапIьэр? Жылэм хэщIыныгъэ диIэмэ, дунейм ехьжа Т хьэм жэнэтыр унапIэ хуищI, - жиIащ Зорым и кIуэ Дзэгум.

ЗауплIэ щыму щыса нужь, Iуэхур кьызэрекIуэкIам Зорым и кIуэр щыгъуаэз хуащIащ.

- Тхьэм кьытхуиухар тлъагъунщ, - кьыхэщIэтыкIащ Зорым и кIуэ Дзэгур, ауэ абы кьыфIитгъэкIакьым. Жылэр зэбгрыкIыжа нэужь, «Хэгъуэгум итмэ, ар сэ кьэзгъэутынщ», - жиIэри ежьащ.

Пщэдджыжьыпэм ар зы кIуажэ гуэрым нэсащ. Абы ирихьэлIэу Щэрэлыкъуэ и шыр псы иригъэфаеу дишэжти, Зорым и кIуэр зэрилъагъуу кьыщIыхуащ. Мыдрейри абы нужь иувэри, я кьэбжэм Iухьащ.

- Еблагъэ, Зорым и кIуэ, - жиIащ Щэрэлыкъуэ.

Зорым и кIуэм жэуап кьитакьым. ХьэщIэр зыым иригъэпсыхщ, и щIакIуэ баштыкьыкIыр кьыИихри: «FIэхъуэ апIэй, Зорым и кIуэ», - кьыгурIуэзащ Щэрэлыкъуэ и сэламым.

- Зорым и кIуэ Дзэгу зыхуаIэр уэра? - щIэупущащ шыхьэр, Зорым и кIуэм и нэр кьытримыгъэкIыу.

- Араш, сыт уэ абы ущIышIэупщIэр? - жиIащ Щэрэлыкъуэ.

- Зорым и кIуэм и лIыгъэм и хьыбар зэхэсхат, сыхуэзэу и лIыхьжьыгъэр зэдынэсри згъэунэхуну сыкIэйт. Сэ иджыри кIэс срихьэлIакIэм си тхыцIэр щIым нитIэсхьрыну, зы щIыхуэхъу. Ауэ иджы згъэунэхуащ Зорым и кIуэм теухуауэ ягъэхъыбархэр зэрыпэжкIэ, - жиIащ щыхьэм. - Фэ щIалэхэм сэ зы лъэIу фхуэIэщ, - тIэкIурэ хэгупсысыкьуэ щыса нэужь, захуигъэзащ абы зэныжьбзгъуэхэм.

- ЖьIэ, тхуэзфIэкIынмэ, пхуэтщIэщ, - жиIащ Щэрэлыкъуэ.

- Мы щы гуэртэр хьаныкIуей ейщ. Зы илъэскIэ абы зыри хэзмыгъэкIуэдыкIыу сакIэлъпIлъмэ, и пхъур кьыхэзыну сыкьигъэгугъащ. ДыззэрыззэгурыIуа

Бэчыжь Иван *(сэмэгумкIэ щытщIуэрэд жеIэ).*

Бэчыжь Иван Амман щопсэу, илъэс 70щIэ хьрэ мохьу. Хэкур XIX лIэщIыгъуэм зрагъэбгыняхэм кьатекIуэкIыжа адыгэ щIалэщ ар. Иван пасуэ макьамэм дихьэхащ, нужькIэ музыкэ еджапIэм гитарэ еуэным зыщригъэхащ. Бэчыжьыр Иорданым, Сирием, иогъуэщI хьэрыр къэралхэми рок-гитарист Iэтэу кьыщацIыхь.

КъэбэрдеI-Балькъэр къэрал университетым щеджэну и къэкIуа нужь, Иван и гъащIэм куэдкIэ зихьужащ. Адэжь щIыналъэм и IофIыр зыхэзыщIа щIалэм и псэм, и гум зыкьыщIэтащ иджыри къэс зыхимыщIа гурыщIэ дахэм. Хэкужьым кьэкIуэну Iэмал кьыщIыхьэкIам, фIыгъуэу щыIэмкIэ Тхъэшхуэр къыхуэупсауэ кьиплыгащ абы. Иван зыщимыгъэнщIу едаIуэрт и лъэпкъ уэрэдхэм, макьамэхэм. Ахэр гитарэм кьригъэкIыу зрегъасэ, хуэмурэ уэсни щIедзэ.

Бэчыжь Иван Шэджэм ауэым зыщегъэпсэху. *2004 гъэ*

Зорым и къуэ Дэгу

Хъыбар

- Уэрэ сэрэ зэгуэр дызрихьэлIауи кьыхуэщIэжкьым, итIанэми си щIэмкIэ уэ кьыбсфэпщам хуэдэу укъыздожэ? - жиIащ Зорым и кьуэм.

- Пэжщ, - арэзы хьуащ Щэрэлыкъуэ.

- Дэ дызэрыщIыхукьым, ауэ уи щытхъу куэд, уи лIыгъэм и хьыбар зэхэсхати, ныбжьэгъу сщIын мурадкIэ сынежьат. Апхуэдэу зыбжанэрэ сыныкIэлъыкIуаеу, ущызмыгъуэтым, иджы есым сыкърелъыхьуэ-тIэ жьIэри, мы бзылъхугъэр кьесхьэжьащ. Си бын хуэдэу сыхуущытащ, си гугъэкьым зыгуэркIэ и жагъуэ сщIауэ.

- Зи дыщ кIуэж ей техьэмэ, уэ зэрыпщIэщ, пщIэрэ нэмысрэ щызэIащ мы унагъуэм, - жиIащ Зорым и кьуэм и щхьэгъуэсэм.

Апхуэдэу Iуэхур зэхэгъэкIа иужь, ефэ-ешхэр зэхаублэри, Зорым и кьуэр ягъэхьэщIащ. Зорым и кьуэ Дзэгум и ежьэжьыгъэр кьыззэрысар кьащириганщIэм: «Дауэ уэрэрызэгIыпщыжьынур Iуэхум унафэ тедмыщIыхьауэ?», - игъэщIэгъуащ Щэрэлыкъуэ.

- Хамэ жылэ сыщыIэу сэ унафэ сщIын? Зыкъытехуэрхьэу, - жиIэри, Зорым и кьуэр шым шэсри кьежьэжащ.

Абы иужькIэ, зэман гуэрри дэкIыкауэ, Щэрэлыкъуэ и кьан хьыджэбзыр унэм ильэрыгъэжащ. Зорым и кьуэ Дзэгум и ежьэжьыгъэр кьыззэрысар кьащириганщIэм: «Дауэ уэрэрызэгIыпщыжьынур Iуэхум унафэ тедмыщIыхьауэ?», - игъэщIэгъуащ Щэрэлыкъуэ.

- Хамэ жылэ сыщыIэу сэ унафэ сщIын? Зыкъытехуэрхьэу, - жиIэри, Зорым и кьуэр шым шэсри кьежьэжащ.

Абы иужькIэ, зэман гуэрри дэкIыкауэ, Щэрэлыкъуэ и кьан хьыджэбзыр унэм ильэрыгъэжащ. Зорым и кьуэ Дзэгум и ежьэжьыгъэр кьыззэрысар кьащириганщIэм: «Дауэ уэрэрызэгIыпщыжьынур Iуэхум унафэ тедмыщIыхьауэ?», - игъэщIэгъуащ Щэрэлыкъуэ.

- Хамэ жылэ сыщыIэу сэ унафэ сщIын? Зыкъытехуэрхьэу, - жиIэри, Зорым и кьуэм и щхьэгъуэсэм.

Апхуэдэу Iуэхур зэхэгъэкIа иужь, ефэ-ешхэр зэхаублэри, Зорым и кьуэр ягъэхьэщI

● Футбол

«Тэрч» (Грозный) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Грозный. Билимхановым и цIэр зезыхьэ стадион. Гъатхэпэм и 15-м. Щыху 9600-рэ еплъащ.

Судьяхэр: БАСКАНОВ, Аверьянов, Кулагин (псори Мэзкуу щыщы).

«Тэрч»: Дикань, Мищенко, Клебер, Джабраилов, Омельянчук, Илиев, Маргаритеску, Петре (Забавник, 88), Георгиев, Кобенко (Панк у, 46), Прудников (Садаев, 77).

«Спартак-Налшык»: Хомич, Ятченко, Амисулашвили, Джудович, Филатов, Лебандэ, Джатэрэвыв, Мэлшыкъуэ, Бикмаев (Гогуа, 46), Дзыхьмыщ (Калимуллин, 71), Концевой (Феррейрэ, 90+3)

Толыр дигъэкIащ: Клебер, 90+4.

Дагъуэ хуащIащ: Мищенко, Маргаритеску, Садаевым, Концевоим, Мэшыкъуэм, Амисулашвили, Филатовым.

Премьер-лигэм и япэ джэгуфыэр Кавказым щыщ командхэм я зэлуIэмкIэ зэхуащIыжащ. Футболым хуэзэша щыхур Грозный кьалэм и стадионым изу кьекIу зIат. Абыхьм я гукъыдэжкIр псынщIэ дыдэу зыхащIащ джэгуПэ губгъуэм щызэпэщIэува командхэхэм я футболистхэмэ.

Аэр хущIэкъуэрт джэгуфыэр нэхъ псынщIэу кьыз эIуахыу адэкIэ джэгур нэхъ тыншу ирагъэжьыжьыну. Аущ Iэжьур, уIащIэмэ, уогуэ, жьыуаIэм хуэдэ хьащ.

Іопыр нэхъыбэрэ «Тэрч»-м и футболистхэм яIыгъащ, ящ.

ЗэIущIэ нэужым

КРАСНОЖАНЮрэ,
«Спартак-Налшык»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Щыуагъэ куэд тIэщIокI

- ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм щыуагъэ куэдыIуэ зыIэщIэдгъэжIащ икIи абыкIэ «Тэрч»-м сэбэп дыхуэхьащ. Пэжщ, грозненцхэрэм кьахуэкъуэжIа Iэмэ, зыбжанэрэ кьагъэжэ-бапфакъым. ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм тепщэнигъэр дэ тIыгъуаэ кьызолъытэ, ауэ хэгъэрейхэрщ зи насып кьикIар.

ГРОЗНЫЙ Вячеслав,
«Тэрч»-м и тренер нэхъыщхьэ:

ДытемыкIуэуэ хъунутэкъым

- ПэщIэдэз зэIущIэхэр сытым дежи гуригъу. Джэгур гуащIэу, лъэныкъуитIри зэпэщIэту екIуэкIащ. Щэч хэмылъу, зэIущIэр и дежкIэ зэриучыныр мыхьэнэщхъу и Iэт - япэ зэIущIэт, ди унэм дыщыджэгурт. Апхуэдэ щытыкIэм деж нэхъыфIу зыкъэзыгъэльэгъуэр футболист нэхъ Iэзэхэрщ - Джабриловымрэ текIуэныгъэ кьзытуэзэхуэм топыр дэзыгъэкIа Клеберрэ.

МЭЗКУУ Кьан.

Иужрей дыдэ дакъикъэм

арщхьэкIэ джэгуплэ губгъуэм и кум ящ дэ щIалэхэм кьыфIагъэкIыртэкъым. Налшыкдэсхэри зэхьумэж зэпыту щытекъым. Грозненцхэ хэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр кьызэпаудэрэ, Кенгараджэ зыбжанэ кьызэрагъэпэщыну мэхъ ихьащ, ауэ топыр тэмэму зэIэпахыфыртэкъым.

«Спартак-Налшык»-м кьемыхьулIа апхуэдэ зы ебгъэрыкIуэныгъэм зэгъэрейхэм псынщIэ дыдэу жэуап кьратыжащ. ЗэIущIэм и 15-нэ дакъикъэм Прудниковыр ди гуащIэхьэумэхэм яIыщIэкIри, Хомич и гъуэм лъэщу еуащ, арщхьэкIэ топыр гъуэм зымащIэ щыхьгрыльэтащ. Ди щIалэхэм ящыщу нэхъ жыщIэжу джэгуащ. ЗэIущIэм и Iыхьэм и щIэныгъэ кьызэрымыкI джэгуIэм ирегъащ ахэр.

ЕтIуанэ Iыхьэр ди щIалэхэм нэхъ жыщIэжу кьыщIадзэжащ. Дакъикъэ тIощ хуэдизкIэ ахэр ебгъэрыкIуэ зэпыту джэгуащ, арщхьэкIэ жьыжьэу «Тэрч»-м и гуащIэ зыбжанэрэ еуа фIэкIа, гъэнэгъуу бгъэдыхьэфыртэкъым.

Командэхэр чэзыуэрэ джэгуIэ губгъуэм щыпетщэт Ди к командэм мы гъэм кьыхьыхьа гъуащхьауэ Концевой Артем бжыгъэр кьызэIуихыным зымащIэщ иIэжар, ауэ топыр штангэм сантиметр зыбжанэкIэ блэльэтащ. Абы и ужькIэ Мэшыкъуэр Дикань и гъуэм лъэщу еуащ икIи хэгъэрейхэм я гуащхьэтетым и Iэзагъ льагэр кьигъэльэгъуащ.

ЗэIущIэр командхэр зэрыпемыгъэкIуаэу ирегъэкъащ **Рубин**-м. Ар Кьэзан щIыIэ **3:0**-уэ гъэкIуащ («Кубань»-м. Апхуэдэ дыдэу бжыгъэкIи. **«Спартак»-м** ефIэкIащ **ЦСКА**-ри.

Адрей командхэр мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: «Амкарь» (Пермь) - «Ростов» (Ростов) - 0:0, «Динамо» (Мэзкуу) - «Москва» (Мэзкуу) - 1:0, «Локомотив» (Мэзкуу) - «Химки» (Химки) - 1:1, «Спартак» (Мэзкуу) - «Зенит» (Санкт-Петербург) - (1:1), «Томь» (Томск) - «Крылья Советов» (Самарэ) - 0:1.

КъыкIэ лъыкIэу джэгуI гъэр ди щIалэхэм Налшык щрагъэжьэкIыныщ. Гъатхэпэм и 22-м абы кьырагъэблэгъэнущ Къэзан «Рубин»-р.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

«Тэрч» (Грозный) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:1 (1:0). Гъатхэпэм и 14-м. Грозный. Билимхановым и цIэр зезыхьэ стадион. Щыху 3000 еплъащ.

Судьяр Дорошенко (Ейск).

«Тэрч»: Сикач, Солтаев, Эдиев, Тагилов, Кацаев, Дадаев, Риз. Уциев, Дашаев (Идрисов, 90+1), Рам. Уциев (Бухиев, 89), Садаев, Цуроев (Тембулатов, 46).

«Спартак-Налшык»: Лорие (Щоджэн А., 46), Шумейко, Илиев, Соблир, Шарий, Захаров (Щоджэн Г., 73), Зрум (Кьумыкъу, 61), Кхъуэныхь, Михайлов, Бураев (Митришев, 66), Гъуэщокъуэ (Хьубий, 85).

Топхэр дагьэкIащ: Садаевым, 8 (1:0). Гъуэщокъуэм, 47 (1:1). Садаевым, 57 (2:1).

Дагъуэ хуащIащ: Дашаевым, Солтаевым, Михайловым, Риз. Уциевым, Кхъуэныхьым, Илиевым, Рам. Уциевым, Садаевым, Шэрийм.

ЩIалэгъуалэ командхэм я зэхэзэхуэм апэ зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIащ «Тэрч»-мрэ «Спартак-Налшык»-мрэ.

ЗэIущIэр хэгъэрейхэм жьыджэру кьышIадзащ. Япэ топым футболистхэр куэдрэ зриГъэзэжьакъым. 8-нэ дакъикъэм бжыгъэр кьызэIуихащ «Тэрч»-м и гуащIэхьаУэ Садаевым. Зэман дэкIри, ди щIалэхэм я джэгукIэр зэтраухуэжащ. Иджы ахэрebгъэрыкIуэрт, кьыхьыхьа гъуащхьауэ Концевой Артем бжыгъэр кьызэIуихыным зымащIэщ иIэжар, ауэ топыр штангэм сантиметр зыбжанэкIэ блэльэтащ. Абы и ужькIэ Мэшыкъуэр Дикань и гъуэм лъэщу еуащ икIи хэгъэрейхэм я гуащхьэтетым и Iэзагъ льагэр кьигъэльэгъуащ.

ЗэIущIэр командхэр зэрыпемыгъэкIуаэу ирегъэкъащ **Рубин**-м. Абыхьм я лэжьакIуэхэм зи пхужаIэнукъым Iужум **хищIыхьащ** е **хилэжьыхьащ** жаIэу. Ди гъэзетыжьым зэрыжаIэнурэ зэратхынури мыпхуэдэущ: **абы Iужум хэтъхьэныгъэ хуищащ**.

ЕкIуркъым, псалъэркъым адыгэр апхуэдэу.

ГуащIэдэкI. У и пщIэнтIэпскIэ къэбгъжьа, уи гуащIэм кьыдзекIа жьыхуиIэщ. Ауэ, гъэщIэгъэнракъэ, мыбыирэ**лэжьыгъэ** псалъэмрэ зыгъэркIэ зэщIхьэщыкIыбу умышIэну къэзыгъэсэбэп куэдым ыарохьэлIа. Абыхьм жаIэ, ятх: **«ГуащIэдэкIым и Iыхьэжь»**. ЩIащIэдэкIщ. Уи гуащIэм кьыдзекIащ, псалъэм папщIэ, кIэстум пщыгъыр. Жьыз, тхы апхуэдэу. Ауэ, Аблыхьыр арэзы зыхуэхъунр, ауэ Iужум хуэпщIащ, ауэ хуей псалъэкIэ зыгуэрым зэрызыхуэбгъаэр, Мыпхуэдэу жаIэ: **«Си упщIэм жэуап кьептащ»**. ЖьыпIи къэбгъэсэбэп хуэдизкIэ псалъэр мыгъэхуэдэу: **«Зы упщIэ гуэр уэсынутэ»**. Ауэ, кьыззэрытлъэтэмкIэ, нэхъ тэмэмыр **«ЗыгуэркIэ сыноупщIынут»** - жьыпIэмэщ. Дахэжьым нкIи екIуркъым дуплъэ ирагъэжьащ ти телевизорымрэ упщIэ ягуэшу махуэ къэс кьызэриттыхьхэр - **«УпщIэ уэттынут»** зэрымыууэ зэрыжаIэр.

ЕмыкIуу икIи мыхьуну пызыхьжар иджыйрей ди адыгэ языныкъуэ журналист бзэмыIуэхэм **«УпщIэ»** псалъэм мыхьэнэ ещанэр (игъащIэм нмыIэр икIи нмыIэр) иратауэ къагъэсэбэп зэрыхъуарщ - «Iужу» псалъэм и пIэ зэрыгъэзыуэр! Жаiэ, ятх мыпхуэдэу: **«ЗэIущIэм упщIэ кьыхъатъхьащ»**. БзэмыIугъэщ. А зэIущIэ жьыхуаIэм Iужу гуэр кьыхъатхъэрэ щытепсэлъыхьауэ арат абы щыгъуэ!

Ар зи зэранкIр зрысыбзэрщ. Абы и сэбэпым кьыдэкIуэу, зэран щыхъуи щыIэщ. Езым и бзэм нэхърэ хамэм ейм нэхъ хэшэрыуэ адыгэхэм зэрадзэкIыу я гуГъэжу, хьадэгъэдахэ псэльэкIэ ящI. Аращи кьызыдакIэкIри мыпхуэдэхэм гарихьалIэнри: **«Хозяйствэм и жэм бжыгъэм кнгъэхъуащ. Абы ахъшэ куэд щIатащ, ауэ жэмхэм зыкъыщIэуныщIу».**

Тэмэмыр «Жэмхэм щIатар ятекIуэдэнукъым» жаIэн хуеиуэ арат.

Куэд бжыгъэхэр кьызэрагъэльагъуэ псалъэхэм хэзэрыхьрейщ. «Адыгэ псалъэ» газетым мыпхуэдэу кьытрадзауэ щытащ: «Кьуажэхэм, кьалэ тепIъэ зиIэ поселекэ хэм щыпсэу, щылажьэ IэщIагъэлIхэм мазэ кьэс ахъшэ **ятыным** теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэ».

Дэ ди гугъащ а зи гугъу ящI жьлагъуэхэм я IэщIагъэлIхэм ахъшэ ирагъэтащ. АрщхьэкIэ абыхьэм езыхэм иратыну арат унафэр зытеухуари зи Iуэху зэрахуэрри. **«Ятыным»** псалъэм и пIэкIэ **«етыным»** жиIэу ятхын хуеиуэ арат...

Ауэ, Аблыхьэ дагъуэ яхудощI ди бзэр кьулей зыщI пщалъ щэрыуэ куэдым кьадэкIуэу, ди хьыбарзехьэ Iэнатlэхэм пэрытхэм я деж кьыщIежьу, хахьа хъуа языныкъуэ псалъэхэмэ. **«ФlэщыгъэщIэр»** кьэтщIэнщ. Мы псалъэр езыр а зы мыхьэнэр зиI э псалъитIу зэхэлъщ: **Фlэщыгъэ, щIэ**. Жьыз, тхы дэтхэнэр нжьхэуу, я Iуэху тепсэтIыхьыжьу щытащ, дауи. Ауэ зэи стIол хъурей стIол пIлими абыхьэм щхьэкIэ жаIэу щытакъым. Ди гугъэмкIэ, а зэкъыхьэхэр зыкIи Iужу щхьэщыжьыкъым зэIущIэ кьызэрыгуэкIхэм. НтIэ, **стIол хъурей екIуэкIынущ** псэнтхэкI мышыум и пIэкIэ **зэIущIэ мыхьэнэ**



жьыпIэ щIэмыхъэр лIо?

Абы ещхьыщ **зэIущIэ убгъуа, уроК зэIуха** жьыхуаIэхэри. Абыхьэм кьрихьэлIэн хуейм нэмыщIи кьрагъэблагъэхэу аращи, апхуэдэуи жьыIэн хуейщ, нэгъэущI кьэмыгупсысауэ.

Хьарзынэу ди бзэм кьрагъэзэгъауэ фlэкIа ямыщIэжу жаIэ, ятх **Театр щхъуантIэ** Налшык зыпсэхэхупIэ паркым итращ апхуэдэу зэдэкIэр. Ар щIымахуэм щымылажьэкIэ, абы ещхь нэгъэущI зыхэбгъэзэрыщынь щыщымыIэкIэ, **Гъэмахуэ театркIэ** уеIэжэ щIэмахьэнрэ пъэпкъ щыIэу тщIэркъым.

АдыгэбзэкIэ здэпсалъэм, я псалъэр езыхэм зэпаудыжу, урысыбзэкIэ жьыпIэмэ мыпхуэдэущ, жаIэу я жаIа дыдэр кьызыIэхри умышIэу, хамэбзэмкIэ аргуэру кьыщIэрагъэзэжкIэ, узэгуэмыпыкъанэркъым. Апхуэдэу зыщI дэр фlэкIа щыIэу пIэрэ?!

Iужур адыгэбзэм езым и кьабзагъэмрэ дэ лейуэ ебгъэ тедгъэхьэмрэ хуэкIуамэ, узэрызэгуэпынри уигу кьеуэнри куэд мэхъу...

Мы зи гугъу тщIыхьэм дэнобэ ди щыпэ тепсэлъ ныкъым. Мыхьумыщ Iагъэ гуэр хэри гъэзэкIуэжа хъущ. Ауэ зы цIыхуу, цIыхуитI кьыру кьудейкIэ а псом уапэуэльыр мащIэу кьыщIэкIынщ. ДгъэщIагъэращ, псомиягу щхьэ иримыгъуэр мы зи гугъу тщIым? Зохамыхьу хьэмэрэ ямыпсалъэу ара? Щхьэ щхьэрыутIыпщ-кIэрыутIыпщ ящIрэ мы Iуэхур?! Дэнэ щыIэ абы унафэ тезыщIыхьыну зи пщэ кьыдэхуэхэр? Хьэмэрэ, дэ бзэм дрилажьэ кьудеиуэ аращ, а адыгэбзэ зэ хафьщIэмкIэ кандидат, доктор хьуа щIэныгъэлIхэм гудакъэ гуэр щамыIэр сыт?!

ХЬЭХ Сэфарбий,
тхакIуэ.

Редакцэм кьыбгъэдэкIыу. *ТхакIуэм кьиIэта мы Iуэхум дызэрыгъэ, дызэрыпсалъэ ди адыгэбзэр нэхъ кьабзэ, нэхъ щэрыуэ хьунымкIэ мыхьэнэ иIэу, дяпэкIи пыщэн хуеиуэ кьыдолтыкIэ ткIи «ди бзэр догъэкъабзэ» псалъэмрэ щIэту апхуэдэ тхыгъэкэр і едгъэнущ. Тхылъым, газетхэм, журналхэм, фыщыгъэхэм, радиом, телевиденэм, пэкIу, зэщIыгъэ щIэныгъэ республикэм кьыщыдалхъэм щыгъэ зэхэфIэ псалъэ, псалъэкIэ мыгъэмэу кьэфтыытэкэр кьытхуэфтх, дэ нэхъ зэрыгтфIэкьабылыр мыращ, жьыфIэу кьыщыбгъуэкър.*

ЗИ ЛЭЖЬЫГЪЭРнэхъ гъэщIэгъэнуэ кьалытэ зэхуитекIэ зэрыгъэ щIэныгъэ кьалытэ зэхуитекIэ ирагъэкIуэ щыIэ ЛИТЕРАТУРЭ ЗЭУТЫГЪ, «Проект Россия» журналымрэ «Русский Авангард» фондымрэ кьызэрагъэпщIар.

Гъэльэгъэныгъэм зи лэжьыгъэ щытекIуэр хэтынкIэ 2009 гъэм Роттердам щекIуэжьну зэIущIэм.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ

Журналыр зытраухуар

***«Сибирские огни» журналымрэ Сыбырым и Iэхьэкlуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ я лэжьыгъэщIэ иджыблагъэ утыку ящIащ Урыс хэк зэхэтхэ я нэм. Журналым и етIуанэ кьыдэкIыгъуэр зэрыщыту трауху Беларусым и ныжьеи литературэм.**

IУЭХУР кьыщIрахьжьам и щхьэусыгъуэр славяныбзэхэмрэ абыхьэм я литературэмрэ зыIэт гугъусыгъуэхэм дуней псом гу щыльегъэтащ. Беларусым и тхакIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкlэр зытета журналым и кьыкIэлъыкIуэ кьыдэкIыгъуэкэр трауху энущ Украинэм, Поморщэм, Чехием, Словакием, Сербием, Болгарием, Хорватием, Македонием, Словением, Черногорием, урысыбзэр щыльыпIэ щыгъуэ. Аращи гъуэм и литературэм. Аэр псори кьыззыщIэзыкьуэжу щытынущ кьыдагъэкIыну я гугъэ «Славян литературэм и антологие» тхылъыщхьэр.

Кинематографие лэжьыгъэщIэхэр

Ханты-Мансийск щекIуэкIащ кинематографие лэжьыгъэщIэхэм я VII фестиваль, «Пуэ огня» зыфIащар. Ар кьыщыззIуахым ягъэзащIэ кинофорумым и унафэм тепсэлъ Сергей и Iэдакъэщ Iэм «Анна Каренинэ» фильмыр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и Iыхьэ нэхъыщхьэм фильми 10 хьыкьат. Абыхьэм ящыщт Германием, Италием, Урысейм, Словакием, США-м, Румынием, Франджым я режиссерхэм я лэжьыгъэхэр. Апхуэдэуи фестивальым хэтащ «Урысей дебютхэр», сабий, ныжьыщIэ фильмхэм я клуб, «Золотые шестидесятые» программэхэмрэ проектхэмрэ. 2008 гъэм ягъэльагъэуэ цIэрыIуэ хъуа фильмхэр.

«АРХ Москва» гъэлъэгъуэныгъэм

***и XIV зэлъэгъуэныгъэ накьыгъэ мазэм ди къэралым и къалащхьэм щекIуэкIынущ. Ар кьыззэзыгъэпэща «Экспо-Парк» Iуэхущ IанIэм и унафэщI Бычков Василий зэрыжиIэмкIэ, архитектурэм зэрызыужьыр Iэщагъэлъ ныжьыщIэхэм я зэфIэкIымрэ утыку псалъэ щыныр зи чэзу Iуэхугъуэм.*

ЗИ ЛЭЖЬЫГЪЭРнэхъ гъэщIэгъэнуэ кьалытэ архитекторым ирагъэнущ «Арт-парк» саугъэтыр, «Проект Россия» журналымрэ «Русский Авангард» фондымрэ кьызэрагъэпщIар.

Гъэльэгъэныгъэм зи лэжьыгъэ щытекIуэр хэтынкIэ 2009 гъэм Роттердам щекIуэжьну зэIущIэм.

ТхакIуэ гъуэзэджэхэр

***Солженицын Александр и цIэкIэ щыIэ литературэ саугъэтыр мы гъэм хагъэфащащ псэужамэ зи ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъуну щыта Астафьев Виктор. Езы Солженицынымрэ кьызэрагъэхуэрэ илъэс 90 ныкъуэ 2009 гъэм. Къэращтэмэ, ахэр щыпсэуар зы зэманщ, яIэуа ёзэлыхьэхэри зыплъыкIа хьэзабэхэри зыщ.**

ЗЭРЫТIЩIэщI, Солженицынымрэ щIэшхуэ хуищIу щытащ Астафьевым. Абы кьыпльытэрт цIыхупсэмрэ щIыуэпсымрэ кьыдэзэтIэнэным Астафьевым хуэдэу тегуэзэвыхьарэ купщIафIэу те тхыхьарэ щымыIэу.

Зэхуэзыхьэсар
ИСТЕПАН Залинэщ.

ХьэтIохъущыкъуейдэс ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI

● Зэпеуэ

Еджакlуэхэм щIэныгъэ-техникэ творчествэмкIэ республикэ центрым щекIуэкIащ кьалэ, район олимпиадэхэм щытекIуа ныбжьыщIэхэм я конференц, «Къэкlуэнум и кьарур» зыфIащар.

ЩIэныГЪэ-егъэджэныгъэ проектхэм я дунейпсо зэпеуэм и зы Iыхьэу кьызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм зыбжанэу зэщIыкьыуэу щызэпкIрахащ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм я лэжьыгъэхэр. Кьэпщытэныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, наIуэ кьэхъуащ Бахьсэн районым хьыхь Хьэтlохъущыкъуейкъуэжьм кьикIаХэр зэхьэзэхуэм кьызэрызэхэнакIар.

Жюрим хэтхэм зэдэарэзыуэ бжьыпIэр ираташ «Къэкlуэнум и нанотехнологие» щIэныгъэ-егъэджэныгъэ зыгъэхьэзыра, а жьыларгъэм дэт 1-нэ хуэфащэ щыIэр 11-нэ классым щIэс Кьанэмэт Миланэ. Зыхэта секцэхэм 2-нэ увыпIэхэр щаубыдащ а еджапIэм и 9-нэ классым щыщхэу Молэ Бэллэрэ Иуан Каринэрэ.

Кьанэмэт Миланэ и IэдакъэщIэкIыр Мэзкуу щекIуэкIыну Урысейпсо зэпеуэм ирагъэхьынущ, иужькIэ Финляндиемэ щызэзэхэтыну зэхъэзэхэнущ.

ТекIу ахэм дипломхэмрэ щIыхь тхыльхэмрэ ираташ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Иуан Каринэ, Кьанэмэт Миланэ, Молэ Бэллэ, абыхьэм я егъэджакIуэ ХьэцIыкIу Эммэ *сымэщ.*
Сурэтыр **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

● Iуэху епIыкIэ

ЩхьэрыутIыпщ-кIэрыутIыпщ ящI

Тхьибэ дилъ зэрыхьурэ адыгэбзэм нэрыльагъуэ зыужьынигъэ хъарзынэ игъуэтащ. Куей, жьыларгъуэ, уеблэмэ хьэблэ къэс щхьэхуэу и псэупIэкIэ, и псалъэ къэгъэсэбэпныкIэ хэха пIэжу, щхьэж а кьызэрыщыкъуэр адрей псоми нэхърэ нэхъ фIэкъабылрэ абы ирилъдауэ къекIуэкIырт, и гъэмышIэри гъэбелджыла мыхьэу.

**Идыкьри ахэр я бзэкIэ псалъэ гъащIа, телевиденэ йодагъэ, журналхэм, газетхэм, тхыгъэхэм йоджэ. Ахэр ГъуаззэуяIущ псалъэм, псэупсэкIри я Iуэхущ, Зэрыгугъуэгъэгъэщи, абы нэхъ зэщIэкъуэ ди бзэр. Ди хьыбарзехьэ Iэнатlэхэм зэрыгъэ зыхуэсIри нэхъ щэрыуэу, Iэмал зэрпIэкIэ, нэхъ гурыIуэгъэгъуэ щыхуэм я деж нэхъэса зэрыхьэну щыкIэм нахуэ къэс уебгъэмэ жэшхэри щыдэкIуэ щыIуэ зыгуэлсысым, псалъэ щыIэхэр Iэзэу кьызэрагъэсэбэпыным хущIэкъу кьудейми кьышIымыпэжу, щымыIэ хэри кьагъэщIыну нрехуIэ нкIи кьагъэщI. Сыт хуэдизу псалъэ дахэ, псалъэ щэрыуэ щIэуэ ди бзэм кьыхагъахьа, ящэм адыгэм кьнгъэсэбэпу щытагъ, ауэ щхьэуэ зыхуэмышIэщIыбэ хъуарэ тщыгъупшэжыгъэным нэсауэ нужьей нтьэс зыбгъупщIым кьыдахьжа, кьаплтэмэ